



**KI SA KI ESTATI PWOTEKSYON TANPORÈ?**

**Estatì Pwoteksyon Tanporè (TPS)** se yon fòm pwoteksyon tanporè pou imigran ki ap viv Ozetazini ki pa kapab retounen nan peyi yo akòz lagè oswa lòt dezaz.

**KISA DESIZYON LAKOU SIPRÈM NAN NAN KA TPS LA TE DI?**

Nan Jedi 25 jen 2026, Lakou Siprèm nan te deside ke Administrasyon Trump la te kapab kontinye ak zafè kanpe TPS pou Ayiti ak Siri menm si yo te vyole lalwa lè yo te pran desizyon pou mete fen nan TPS la. Tribinal la te di ke lalwa a pa pèmèt okenn tribinal rann gouvènman an responsab pou yon revokasyon TPS ki pa kòrèk, menm si gouvènman an pat swiv bon pwosesis lalwa mande a. Tribinal la te di tou menm si plizyè fwa gouvènman an te fè deklarasyon terib, epi ki pa laverite sou peyi Ayiti ak pèp li a, gen chans pou pat gen ase prèv pou montre ke se ras ki te motive desizyon an.

**KISA SA VLE DI POU MWEN KOUNYE A SI MWEN GEN TPS?**

Revokasyon vle di moun ki gen TPS yo pap pwoteje tanporèman kont depòtasyon ankò, men sa pa vle di ke DHS pral depòte tout moun ki pèdi estatì sa imedyatman.

**Pou moun ki gen TPS ki soti Ayiti oswa Siri, desizyon Tribinal la pa mete fen nan TPS ak otorizasyon travay imedyatman, men gen anpil chans pou yo fini 27 jiyè 2026 oubyen aprè.** Moun ki gen otorizasyon travay anba TPS ki soti nan peyi Siri oswa Ayiti ka travay legalman jiskaske TPS la ofisyèlman fini.

**Pou moun ki gen TPS ki soti nan lòt peyi,** gen 13 lòt pwosè ki konteste lòt revokasyon TPS. Ka sa yo gen anpil chans pou yo swiv ka Lakou Siprèm nan epi pèmèt revokasyon an kontinye nan pa lontan. Depi TPS fini pou lòt peyi yo, moun ki gen TPS yo ap pèdi estatì legal yo anba TPS la epi otorizasyon travay yo pap valab ankò.

ICE ka voye lèt apèl, ki mande pou moun yo anrejistre yo an pèsòn nan yon biwo lokal ICE. Sa ap enpòtan pou fè yon plan preparasyon famiyal davans. Moun ki gen dosye imigrasyon yo te fèmen administrativman oswa dosye ki te menm fini akòz TPS yo ka wè dosye yo retounen nan tribinal. Ou ka tcheke pou wè si ou nan pwosedi tribinal imigrasyon atravè Sistèm Enfòmasyon Otomatik Dosye yo ([sou entenet](#) oswa lè ou rele liy dirèk la nan 1-800-898-7180).

**KISA MWEN KA FÈ SI MWEN PÈDI PWOTEKSYON TPS AK OTORIZASYON TRAVAY?**

Nou prevwa eskro yo pral mande anpil lajan epi fè moun ki ap pèdi TPS yo anpil pwomès. Anpil moun ki genyen oswa ki te genyen TPS kalifye pou **azil** tou, epi yo ka gentan aplike deja. Ansyen moun ki te gen TPS yo ka vle verifeye tou si yo kalifye pou lòt kalite soulajman imigrasyon, tankou **Viza U, Viza T, oswa VAWA**. Anpil moun ki gen TPS te Ozetazini pou yon bon bout tan epi yo ka kalifye pou estatì ki baze sou relasyon famiyal oswa **anilasyon**

**Pou plis detay, gade isit la:**



**depòtasyon** nan tribinal. Moun ki gen lòd depòtasyon final (moun ki te pèdi ka yo devan tribinal imigrasyon an) ka vle konsidere **mosyon pou relouvri** ka yo kounya TPS pa pwoteje yo. Sinon, **moun ki gen lòd depòtasyon final yo gen plis risk pou yo detni yo ak depòte yo rapidman.**